



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU SIPÒTE PI PLIS VETERAN NEW YORK YO

***Gouvènè a Siyen Dokiman Lwa, Ki Ap Ajoute PTSD kòm yon Kondisyon Ki Kalifye pou Mariwana Medikal, Redwi Montan Frè yo epi Amelyore Sèvis Pou Veteran yo, ak Kreyasyon Memoryal POW/MIA***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a senk pati pwojè lwa ki pou sipòte pi plis veteran New York yo apati amelyorasyon swen sante ak sèvis, menm jan ak komemore veteran yo atravè Eta New York nan yon seri mwayen diferan. Pake a gen ladan:

- Ajoute Twoub Estrès Pòs-Twomatik kòm yon kondisyon ki kalifye nan pwogram mariwana medikal New York lan;
- Bay veteran konba yo ki te anplwaye pa Eta a jounen konje peye adisyonèl pou yo kapab jwenn sèvis sante yo, oryantasyon ak aksè a lòt avantaj yo;
- Anile montan frè egzamen sèvis sivil pou veteran ki te jwenn dechaj yon fason onorab;
- Egzije Depatman Eta a (Department of State) ak Divizyon Afè Militè ak Naval (Division of Military and Naval Affairs) pou yo mentni yon lis piblik ki gen tout kòporasyon san bi likratif yo ki ap solisite finansman pou fòs ame Etazini yo; epi
- Òdone Biwo pou Sèvis Jeneral la (Office of General Services) pou li mete akote yon lokal ki aksesib piblikman nan batiman State Capitol lan pou yon plak ak syèj POW/MIA pou onore veteran sa yo ki poko retounen lakay yo.

“Veteran nou yo te mete lavi yo an danje nan objektif pou kapab defann ideyal ak prensip ke nasyon sa te fonde sou yo, epi se devwa nou pou nou fè tout sa nou kapab pou sipòte yo lè yo retounen lakay yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Soti depi nan amelyore aksè a sèvis ak tretman swen sante yo, pou rive nan retire baryè kont anplwa yo, tout senk dokiman lwa sa yo pran mezi ki enpòtan pou kapab asire ke veteran yo gen tout opòtinite pou kapab kontinye reyisi lavi yo lè yo retounen lakay yo.”

Premye dokiman lwa a (S.5629 (Savino)/ A.7006 (Gottfried)), li ajoute Twoub Estrès Pòs-Twomatik (Post Traumatic Stress Disorder, PTSD) kòm douzyèm kondisyon ki ap

fè moun New York yo kalifye pou aksede a pwogram mariwana medikal eta a. PTSD se yon kondisyon grav ki enplike yon moun ki ap devlope sentòm apre ke yo eksperimente yon estrès twomatik, ki enkli kòlè, souvni, move rèv, transpirasyon noktin, angoudisman, ensomni ak echapman. Yo estime ke anviwon 19,000 pasyan ki gen PTSD nan New York yo te ka benefisyè de itilizasyon mariwana medikal. Sa enkli veteran militè yo, ofisyè lapolis ak ponpye yo, menm jan ak sivivan vyolans domestik, vyòl, krim vyolan, ak aksidan yo. Vityèlman chak eta nan peyi a ki gen yon pwogram mariwana medikal yo ap pèmèt jwenn tretman pou PTSD.

Dezyèm dokiman lwa a (S.2911 (Crocini)/A.3198 (Paulin)), li ap bay veteran konba yo ki te anplwaye pa Eta a jounen konje peye adisyonèl pou yo kapab jwenn sèvis sante yo, oryantasyon ak aksè a lòt avantaj yo. Eksperyans konba yo pran peyaj sou veteran konba yo, alafwa sou plan fizik ak plan emosyonèl, epi konje adisyonèl pou sèvis ki an rapò ak sante yo nesèsè pou kapab ede abòde twoma ke yo te fè fas a yo, alafwa aletranje ak lakay yo.

Twazyèm dokiman lwa a (S.946 (Crocini)/A.1105 (Hunter)), li ap sipòte veteran ki ap chèche anplwa nan anile frè aplikasyon ki nesèsè pou pran yon egzamen sèvis sivil. Yonn nan aspè ki pi difisil yo nan retounen nan lavi sivil pou veteran yo se kapab pou jwenn bon jan kalite anplwa. Anilasyon frè sa ap montre gratitud nou anvè fanm ak gason brav sa yo pandan ke y'ap chèche opòtinite nan sektè piblik lan.

Katriyèm dokiman lwa a (S.1853 (Crocini)/A.6038 (Dinowitz)), egzije Depatman Eta New York ak Divizyon Afè Militè ak Naval pou yo mentni yon lis piblik ki gen tout kòporasyon san bi likratif yo ki ap solisite finansman pou fòs ame Etazini yo. Lwa aktyèl lan egzije Ofisyè Adjwen Jeneral ki nan Gad Nasyonal New York lan (New York National Guard) pou li apwouve nenpòt òganizasyon san bi likratif ki ap solisite finansman oswa lòt avantaj pou fòs lame Amerikèn yo, yon peyi etranje, oswa oksilyè yo ki nan nenpòt eta. Nan fè enfòmasyon sa disponib piblikman, sa pral ede moun New York yo, ki swete fè don bay òganizasyon san bi likratif ki enkòpore yo nan objektif pou sipòte fòs lame yo, asire ke y'ap fè don yo a òganizasyon-ki apwouve yo.

Dokiman lwa final lan (S5540 (Lazna)/A7506 (DenDekker)) li òdone Biwo pou Sèvis Jeneral Eta New York lan pou yo mete yon syèj ak plak POW/MIA nan State Capitol pou komemore plizyè milye manm sèvis ki rete san rekonesans depi Premye Gè Mondyal. Devouman sa ap sèvi jis yon fason pou raple Sòlda, Navigatè, Pilòt ak Marin yo ke yo te kenbe kaptif oswa ki pa't janm retounen lakay o apre gè a. Yo pral mete syèj ak plak memoryal la nan premye sal resepsyon premye etaj Capitol lan tou pre antre State Street lan.

**Senatè Diane J. Savino te deklare**, “New York se lakay kèk nan manm sèvis ki pi brav yo nan nasyon an epi an plis de abitan ki ap soufri de PTSD yo akòz lòt eksperyans twomatik yo, pwojè lwa sa pral asire ke tout moun resevwa tretman efikas ke yo merite. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li pran mezi pou sipòte abitan ak veteran nou yo, epi siyen pwojè lwa sa ki pral ede remède a yon seri kondisyon grav ki ap afekte moun New York nan kominote yo atravè eta a”.

**Senatè Andrew Lanza te deklare**, “Fanm ak gason brav yo ki mete lavi yo an danje nan sèvis peyi yo ap fè fas a danje ki inestimab chak jou, epi akòz danje sa, kèk pami

yo pa retounen lakay yo. Syèj ak plak vid sa pral sèvi kòm yon espas ki dedike nan State Capitol pou komemore sòlda POW/MIA yo ki te bay tout sa ke yo genyen pou pwoteje Ameriken yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman lwa sa pou li vin tounen lwa, sa ki ap asire ti jès gratitud sa disponib pou moun New York yo kapab vini nan sal resepsyon Capitol lan epi bay respè yo a prizonye lagè nou yo ak sòlda ki pèdi an aksyon”.

**Prezidan Komite Sante Asanble a (Assembly Health Committee), Richard N. Gottfried, te deklare,** “Se devwa nou pou nou ede veteran yo ki ap fè tranzisyon lakay yo, ki enkli sila yo ki ap souffri de PTSD. Ak anpil moun New York ki ap lite ak efè kondisyon sa, mwen felisite Gouvènè a poutèt li siyen dokiman lwa sa pou bay aksè a tretman ki fonksyone. Fanm ak gason ki te viv nan aktivite twomatik yo pral kounye a gen mwayen pou viv yon bon jan kalite lavi, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li fè sa vin yon reyalye”.

**Manm Asanble Michael DenDekker, Prezidan, Komite Asanble a sou Zafè Veteran (Assembly Committee on Veterans Affairs), te deklare,** “Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt epi ap onore prizonye lagè ki brav yo ansanm ak fanm ak gason New York ki touje pèdi an aksyon jiska jodi a. Plizyè milye manm sèvis yo te pase san kontabilize pou sa yo te fè epi ak ajou Syèj Onè POW/MIA a nan New York State Capitol, nou pral sonje pou toutan efò ak sakrifis ke frè ak sè nou yo te fè, pou kapab asire libète ak sekirite pou tout moun”.

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare,** “Fanm ak gason brav ki te sèvi peyi nou an yo merite tout sipò nou, epi lè li siyen pwojè lwa sa, Gouvènè Cuomo ap yon lòt fwa ankò montre ke New York kanpe ak veteran nou yo. Lwa sa pral bay konje maladi adisyonèl pou kapab ede veteran yo jwenn avantaj sante epi jwenn konsiltasyon, epi mwen aplodi Gouvènè a poutèt li siyen pwojè lwa enpòtan sa nan Jounen veteran an”.

**Manm Asanble Pamela Hunter te deklare,** “Pwojè lwa sa pral retire frè egzamen pou veteran ki te jwenn dechaj yon fason onorab yo epi ki ap chèche sèvi peyi yo pi plis atravè sèvis sivil. Mwen te fyè pou mwen sipòte pwojè lwa sa epi mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li siyen li ansanm ak pou tout travay nou fè pou asire ke New York ap sipòte veteran yo”.

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare,** “Mwen fyè poutèt mwen te sipòte dokiman lwa sa ki ap fè nenpòt òganizasyon san bi likratif ki otorize yo kapab solisite finansman pou fòs lame Amerikèn yo ki disponib pou popilasyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman lwa sa pou li vin tounen lwa, sa ki ap ede asire ke moun New York ki ap chèche fè don pou fòs lame yo rive fè don yo bay gwoup ki lejitim yo, sa ki ap pwoteje yo kont moun eskwo ki ap chèche twonpe sistèm nan”.

###